

Nimewo 76

E G Z E K I T I F D E K R È

**DEZIYASYON DAPRE SEKSYON 6 LWA EGZEKITIF LA**

**ALÒSKE**, nan dat 13 novanm 2012, mwen te emèt yon Dekrè Egzekitif Nimewo 73, ki te fòme yon komisyon pou etidye, egzamine, envestige, epi revize yon kantite kesyon ki gen pou wè ak sèvis piblik ak sipèvizyon reglemantè yo (“Komisyon an”); epi

**ALOSKE**, Komisyon an gen pouvwa pou bay asiyasyon, epitou li gen dwa pou fòse temwen konparèt; pou fè prete sèman ouben resevwa deklarasyon sou sèman, ak entèwogasyon yo sou sèman; pou mande pwodiksyon nenpòt liv, dosye oswa papye li kwè ki enpòtan, oswa dokiman nan nenpòt ankèt, egzaminasyon oswa revizyon; epitou pou li fè nenpòt lòt fonksyon ki nesèsè oswa apwopriye pou ranpli devwa ak responsablite fonksyon an, epitou mwen bay ak akòde li tout pouvwa ak otorite yo ka bay oswa akòde moun mwen deziyen yo pou objektif sa a anba otorite seksyon 6 Lwa Egzekitif la; epi

**ALÒSKE**, Komisyon an fòme ak dis Komisyonè, ki gen ladann de Ko-Prezidan;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York, an vèti pouvwa Konstitisyon ak lwa Eta New York la ban mwen, ki gen ladan Seksyon 6 Dekrè Ekzekitif la, nan sa ki konsène Komisyon ki etabli anba Dekrè Egzekitif Nimewo 73, odone sa ki swiv la:

1. Emisyon asiyasyon pou konparèt ap egziye apwobasyon davans tou de Ko-Prezidan yo; epi
2. Avèk akò tou de Ko-Prezidan yo, Komisyon an ka adopte pwosedi sa yo jan yo jije nesèsè pou yo reji egzèsis pouvwa yo ak otorite yo te bay ouben akòde Komisyonè yo dapre Seksyon 6 Dekrè Lwa.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan ventyèm jou mwa novanm

nan ane de mil douz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a